**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ**

**Министрликте ҳәм қала, район билимлендириў бөлимлеринде ҳәмде Республикалық бойсыныўындағы мәкемелеринде атқарыўшылық тәртибин сыпатлы шөлкемлестириўде жуўапкер қәнигелериниң жеке жуўапкершилигин арттырыў ҳаққында**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң аппарат мәжилисинде Өзбекстан Республикасының "Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары ҳаққында"ғы Нызамы, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 10-февральдағы "Нызамшылық ҳүжжетлериниң орынланыўын нәтийжели шөлкемлестириўде мәмлекетлик басқарыў органлары ҳәм жергиликли атқарыўшы ҳәкимият органлары басшыларының жеке жуўапкершилигин күшейтиўге байланыслы қосымша ис-илажлар ҳаққында"ғы ПП-6166-санлы Пәрманы ҳәмде 2021-жыл 31-майдағы "Ijro.gov.uz" атқарыўшылық тәртиби мәкемелер аралық бирден-бир электрон системаның нәтийжели хызмет көрсетиўин тәмийинлеўге қаратылған қосымша ис-илажлар ҳаққында"ғы ПҚ-5132-санлы қарары, Министрлер Кабинетиниң 1999-жыл 12-январьдағы "Атқарыўшылық тәртибин беккемлеў ис-илажлары ҳаққында"ғы 12-санлы қарары, 2018-жыл 7-майдағы "Мәмлекетлик органларда, мәмлекетлик мәкемелер ҳәм мәмлекет қурамындағы шөлкемлерде физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары менен ислесиў тәртиби ҳаққындағы үлги режени тастыйықлаў ҳаққында"ғы 341-санлы қарарының орынланыўын тәмийинлеў бойынша әмелге асырылған жумыслар талқыланып, кемшиликке жол қойған басшы ҳәм қәнигелердиң жеке жуўапкершилигин асырыў мақсетинде оларға интизамый жаза шаралары көрилгенлиги, соған қарамастан айырым жуўапкер басшылар тәрепинен атқарыўшылық тәртиби талаплары, ҳүжжетлердиң орынланыў мүддетлерин бузыў жағдайлары ушырасып атырғанлығы келтирилген.

Жоқарыдағылардан келип шығып, атқарыўшылық тәртиби бойынша жол қойылған қәте-кемшиликлердиң алдын алыў ҳәмде атқарыўшылық тәртибин жәнеде беккемлеў, Өзбекстан Республикасы Президенти тапсырмаларының орынланыўын тәмийинлеў бойынша қадағалаў ҳәм есабатларды шөлкемлестириўде жуўапкер басшы қәнигелердиң жеке жуўапкершилигин асырыў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

**1.** Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 22-ноябрьдеги 129-13-0-F/21-санлы "Мәмлекетлик басқарыў органлары, министрлик ҳәм уйымларда атқарыўшылық тәртибин нәтийжели шөлкемлестириўде жуўапкер хызметкерлердиң жеке жуўапкершилигин күшейттириў ҳаққында"ғы Бийлиги орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

**2. Министрликтиң бөлим баслықлары, район(қала)лық ХББ баслықлары ҳәмде министрликке қараслы Республикалық бойсыныўындағы билимлендириў мәкемелери басшыларына:**

Өзбекстан Республикасы Президенти ҳәмде Ҳүкимет тәрепинен берилип атырған ҳәр бир тапсырмалардың орынланыўын тәмийинлеў, мәмлекет басшысының аймақларға хызмет сапарлары даўамында белгиленген ўазыйпалардың өз ўақтында орынланыўын тәмийинлеў ҳәм қадағалаў бойынша барлық зәрүр илажларды көрип барыў;

физикалық ҳәм юридикалық шахслардан келип түсип атырған мүрәжатлардың белгиленген тәртипте үйренилип шығылыўына ҳәм мүрәжат ийелерине берилип атырған жуўаплардың сыпатына жуўапкершилик пенен мүнәсибетте болыў;

орынлаў ушын кирис болған барлық ҳүжжетлер (мүрәжат, арза, хатлар, тапсрымалар)диң өз ўақтында ҳәм сыпатлы орынланыўын, сондай-ақ, пуқараларды қабыллаў барысларын турақлы қадағалаўға алыў ҳәм әмелге асырылып атырған ислер нәтийжелерин аппарат мәжилислеринде сын көз қараста додалап барыў тапсырылсын.

**3.** Бул буйрық пенен белгиленген тапсырмалардың орынланыўын қадағалаў Халық билимлендириў министриниң орынбасарларына жүкленсин.

**Тийкары:** Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 22-ноябрьдеги 129-13-0-F/21-санлы Бийлиги.

**Министр** QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI * QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI * D KEN SE HU'JJETLERI **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл "23" - Ноябрь
244-санлы

Көширмеси дурыс.
Абдосетов М.